



Khar Yalla

Toxal ndax mbënd yi ak waajal dëkkuwaat
nappkat yi ci Saint-Louis, Senegaal



© Khady Gueye

Rapoor bii dañu koy jagleel njaboot yi dëkk Khar Yalla, rawatina Elimane Gueye (1956-2025), di baay ak jékkér ku bëggon nit, mi faatu ci weeru suweng atum 2025 ci febar bu yàgg bi mu amon ginaaw bimu gaañoo bi muy jéema tabax benn miiru géej ngir aar njabootam ci mbënd num tefes gi.

Ci Tënk

Ci wetu otoroute biy génn Saint-Louis, ci Beut gaanar-ci sow, amna barab bu ñuy woowe Khar Yalla. Lu tollu ci junni nit ñoo fa dëkk ndeguem ci atum 2016 ba leegi. Ñu ngi bawoo ci askanu nappkat bu fonke tefes su Langue de Barbarie, muy juróomi kilomet ci Khar Yalla, di benn ci gox yi ci Afrik yu gëna bari luñu koy teg ci géej guiy nangu deukouwaay yi gi ak yeneen jafe-jafe yu bawoo ci jafe-jafe aalam bi. Fukki at ci ginaaw, njaboot yooyu dañu dëkkoon ci kër yu tefes, fu soriwul noonu ci seeni xarit ak seeni mbokk. Góor ñi dañu daan napp bis bi yépp, jigéen ñi dañuy raxas, lak, ba noppi jaay jën yi ñuy indi. Waaye ci atum 2015 ak 2016, mbënd yi yàq seen kér, soppi leen ñu nekk ay nit yu ñu toxal seen kér (IDPs). Njiitu munisipaal yi deñoo tëye ndjaboot yi ñu toxal seen kér ci ay tente ci Langue de Barbarie ci diir bu gëtt, ba noppi ñu toxal leen Khar Yalla ci kër yu ñu tabaxoon ci benn porose defaraat bu njëkk, bi ñu bëggoon ara yeneen njaboot yu nekkoon ci jafe-jafe mbënd mi waaye mu lajj. Njaboot yi mbënd bu 2015 ak 2016 toxal seen kér nangu nañu leen toxal Khar Yalla, di am yaakaar ni barab bi dina leen aar ci diir bu gëtt ba ñu mëna tabaxaat ci Langue de Barbarie wala nguur gi toxal leen ci kër yu bees yu nara yàgg.

Waaye ni ko rapoor bii won — sukkandikoo ci waxtaan ak téeméeri nit ak ben, yu ci melni ñi ñu toxal seen kér ñu dëkk Khar Yalla, yeneen nit ñu bokk ci seen askanu Langue de Barbarie, kilifay nguur gi, ak ñu bawoo ci daara yu kawé yi, waa sosiete siwil yi, ak yeneen kàngam — kilifay Senegaal yi yombalu ñu wutum pexe bu deger ngir nit yiñu toxal bu len mena may defaraat bu mengog seen yelleef, duñu leen laaj, ba noppi laaju ñu leen seeni soxla ak seeni yaakaar ci èlég. Lu moy loolu, defna luy tollu ci fukki at, nguuru Senegal dafa bàyyi nit ñi ñu toxal seen kér ci jafe-jafe yu metti, ñu koy misaale ci tur wi di Khar Yalla, ci anam wuy xañ seen yelleef ci wàllu koom-koom, askan, ak cosaan, lu ci melni seen yelleef ci dundu gu jaar yoon, dëkkuwaay bu jaar yoon, ci njàngale, ci wérgi-yaram ak ngir bokk ci dundu cosaan.

Li Khady Gueye dundu dafay wax lu bari. Ci atum 2015, fek mu nekke ndongo bu xarañ am o fuuki at ak juróom benn, muy waaja jeexal liise, këram ci Langue de Barbarie dafa yàqu. Ginaaw bi mbënd mi toxalee njabootam, ñu toog ay weer ci ay tente, daal di toxu Khar Yalla, dafa mujjee bàyyi ekol. Mënul woon dem ekol bimu daan jànge, mu daan sonn lool ngir yegg ci ekol biko gëna jege Khar Yalla. Daan na toppatoo itam ay mbokkam yu seen wérgi-yaram di gëna tar ginaaw bi ñu ñàkkee seen kér, lu ci melni rakkam bu jigéen bi


feebaroon lu yàgg, ak pàppaam mi laago ay at yu bari ndax gaañ-gaañu yu mu am bi muy jéema tabax miiru géej ngir aar këru famiy bi ci Langue de Barbarie. Biñu yeggee Khar Yalla yàggul dara rakk bu jigéen bi faatu. Mbokki Khady dañu daan yéem ci ndimmbalu doomi aadama yi nguur gi musa jox ci Khar Yalla ngir dëj bi. Khady, yaay la bu am ñarr fuuki at ak juróom benn, mingi bokk kër gu am ñatti lal, waañ ak benn douss (WC) ak fukki nit ag ñeent ci mbokkam. Pàppaam faatu na ci weero suweng 2025, te gisul ay mbokkam ñu am pexe mu yàgg ci seen toxu. Khady ak ñeneen liggeey nañu bu baax ngir gëna baaxal dundu nit ñi ci Khar Yalla. Waaye ginaaw luy tollu ci fukki at ci ñàkka xam, Khady dafa gëna ñàkk yaakaar. Muni, « Danu melni ñiy jël dogal dañu nu fàtte ». « Yenn saay nuy xalaat ndax kilifa yi jàppe na ñu ay doomi aadama, ay doomi Senegaal, xam nañu bu baax li ñuy dundu. Ñu ëpp ci ñoom, ci sunu wet lañuy dëkk, di romb sunu kër bés bu nekk, lu tax mënu ñu ño dégg ?»

Dundug Khady ak ñeneen ñi ci Khar Yalla dafay xañ seen yelleef ci am dëkkuwaay bu baax. Nit ñi barina lool; kër yu bari amu ñu kuuran, te amul sistem buy for mbalit wala dindi ko. Jamonoy taw bu nekk (suweng ba sattumbar), Khar Yalla dafay faral di am mbënd, ba noppo ndox mu sew mi ak mbalitu kër yi dañuy dugg ci kër yi. Rax ci dolli, njaboot yi amu ñu lenn ludul sañ-sañu dëkk ci diir bu gàtt, buñu mëna dindi yu kilifay komine bi joxe ci atum 2016, te loolu dafa leen tere def benn c'oppite ci seen kér.

Ñi dëkk Khar Yalla dañuy dundu yeneen mbir yuy yàq seen yelleef ci dundu gu baax, ak itam seen yelleef ci njàng, wérgi-yaram, ak moom sa bopp ngir bokk ci dundu aada. Khar Yalla amul daara yu ñepp bokk, amul centre wërgu yaram, wala liggeey. Amul jumtukaay bu yomb ngir dem ekol, barabu faju, wala liggeey ci diggu Saint-Louis wala Langue de Barbarie. Njiit yi defu ñu benn jéego ngir jàppale ñi dëkk Khar Yalla ñu tàggataat seen bopp, te dañu tere askan wi tàmbali liggeey. Duñu def lu bari itam ngir jàppale ñi dëkk Khar Yalla ñu am yeneen pexe yu ñuy dundee wala ñu am luñu soxla ci àdduna, lu ci melni lekk, ngir mëna dundu ci anam wu jaar yoon. Ni ko benn jigéen bu dëkk Khar Yalla dafa wax wa Human Rights Watch ni : « Njiit yi duñu nu jàppale, bi nu jéeme wut sunuy pexe, dañu nu tere ». Loolu moo waral waa Khar Yalla génn ci seen cosaan ak aada. Lu tollu ci benn ci ñatti xaaj yu xale yi ci Khar Yalla duñu dem ekol primaire wala secondaire, nit ñu bari bàyyi nañu pajum wérgi-yaram ngir moytu feebar bi te li gëna bari ci payoor ñiy dundal seen njaboot wàññéeku na bu baax ba njaboot yi mënatu ñu teg lekk ci seen taabal.

Njaboot yi ñu ngi dundu ay toxal yu yàgg ci Khar Yalla ndax kilifa yi mënu ñu woon yombal benn ci ñatti pexe yiñ mëna def ngir dëkkuwaay yuñ xamme ni ñooy pexe yu yàgg yi ci sàrti àadduna : dellu ci ngor, boole ci dëkk bi ci barab bu ñuy dëkk diir bu gàtt, wala dëkkuwaay bu yàgg ci barab bu am dundu gu gëna neex. Njabootu Khar Yalla mënu ñu tabaxaat seen kér ci Langue de Barbarie ndax seen suuf dina nekk barab buñu mënul tabaxaat. Li tax Khar Yalla nekk ci mbënd ak ñàkkum ay serwiis yu am solo moo tax barab bi mënul nekk dëkkuwaay bu yàgg, ni ko nguuru Senegal ak kilifay Bànk Mondiaal nango. Kon, toxal ñi ñu toxal seen kér ci Khar Yalla bokkul ak dëkkuwaat bu mëna jox dundu gu méngoo ak ñi ñu ñàkk, te barab bi mënul nekk dëkkuwaay bu baax ci dëkk bi. Rax ci dolli, kilifa yi dañu tere nit ñi bokk ci dëkk bi, ndax dañu jox ñi dëkk Khar Yalla sañ-sañu dëkk ci kér yi ci diir bu gàtt, banoppi dañu tere ñu bari ñu jéema gëna baaxal barab bi wala ñu fa wut liggeey. Njabootu Khar Yalla waru ñu dëkk foofu, waaye mënu ñu toxu feneen ndax seen payoor daa wàññéeku ginaaw bi ñu toxee seen kér.

Ci jamano jooju, nguuru Senegal boolewul njabootu Khar Yalla ci mbebët bi mu def ngir indiwaat yeneen njaboot ci benn askanu Langue de Barbarie, ñuy jàntkoonte ak jafe-jafe yu mel noonu ci coppite aalam bi, ba ci ñenn ñu ñàkka gul seen kér. Mbënd yi am ci tefes gi ci atum 2017 ak 2018 toxalnañu ay téeméeri njaboot ci Langu de Barbarie. Ginaaw mbënd yooyu, nguur Senegaal laajon na, ba am leble ci Bànk Mondiaal ngir tàmbali mbebët ngir defaraat ak dëkkoo lu gisu (SERRP) bu Saint-Louis. Mbebët boobu, tax na nguur gi toxal njaboot yi ñu toxal seen kér ci atum 2017 ak 2018, ñu dem ci dëkkuwaay yu bees yu nguur gi tabax ci barab bu fukki kilomet ci biir dëkk bi tuddu Djougop. Nguur gi mungi toxal lu tollu ci fukki junni ak benn junni ci nit yu toxuwul seen kér waaye ñungi dëkk ci kér yi gëna jege geej gi ci dexu Langue de Barbarie. Waaye njiit yi bàyyi nañ ñi des ci seen askan, ñu toxal seen kér ci atum 2015 ak 2016, ci Khar Yalla.



Kàrt taarixu diwaan nu nappkat yu ci Langue de Barbarie, Saint-Louis, Senegaal, barab Khar Yalla; ak Djougop, barabu dëkkuwaat SERRP. Nataal © 2025 Kopernik. Done yu Sentinel-2.

SERRP ba tay joxeegul benn pexe buy yàgg te mëna dundal ngir ñi ñu delloo ci prograam bi. Doonte jàngat bu lalu ci sistem ci SERRP nekkul luñu mëna wax ci rapoor bii, Human Rights Watch waxtaan na ak ñiy am njariñ ci SERRP ak njiiti sosiete siwil yi ci dëkk bi. Dañu ñàññi bu baax ni ñuy seetaane nit ñi ak tasaare xibaar bi, ba noppi ñu nettali jafe-jafe yi ñu daj ngir wéy di bokk ci seen dundu cosaan ak aada, ba noppi di am xaalis ci napp. Doonte loolu ak yeneen jafe-jafe yi am ci SERRP, mingi joxe barabu dëkkuwaat ak ay serwiis yu am solo yu amul ci Khar Yalla, lu ci melni kuuraj, sistem buy dindi mbalit, jàngi, ginaaw ga, opitaal ngir wërgu yaram ak marse lekk. Ndawi nguur gi Human Rights Watch laaj ay leeral joxe wuñu ay leeral yu wóor ci li waral ñu dàq njabootu Khar Yalla ci SERRP bi. Dëgg la, yenn njiiti dëkk yi dañu weddi ni njaboot yooyu musu ñu toxal seeni kér ndax musiba klimaa bi, doonte munisipaalite bu Saint-Louis moo leen toxal Khar Yalla ginaaw mbënd yu atum 2015 ak 2016.


Senegaal dafa wara topp yoon wi ci biir réew mi ak ci yoonu àdduna bi, mu sargal ak sàmm yelleefi askanam ci wàllu koom-koom, askan, ak cosaan, aar leen ci jafe-jafe yuñ mëna seentu, lu ci melni jafe-jafe yi y bawoo ci yokkuteg géej gi ak yeneen jafe-jafe yu còppite

klimaa bi di gëna yokk, ci anam wudul yàq seen yelleef. Senegaal war na itam indi ay pexe yuy yàgg ngir ñi toxal seen kër. Li am solo mooy nguuru Senegaal jël na pexe yu am solo ngir aar nit ñi coppite klimaa bi toxal seen kër, boole ci toxal leen feneen. Senegaal moo gën a fonk mbir yooyu yeneen réew yu bari. Waaye, matuwaay yi war nañu jural nit ñi ay pexe yuy yàgg, toxal seen kër ndax musiba klimaa bi, toxal lu yàgg luy jur xañ yelleefi doomi aadama yi, ni mu xewe ci nit ñi ñu toxal ci Khar Yalla.

Bi njaboot yooyu di dundu seen jiroom ñeenteelu sesoñu taw ci Khar Yalla ci jamonoy siiwal wi, fàww nguur gi nangu ni mbënd yi am ci tefes gi ci atum 2015 ak 2016 moo leen toxal seen kër, laaj leen bu baax, boole leen ci benn xeetu SERRP bu gëna baax, wala ñu yombal seen pexe yu gëna baax yelleef yi. Balaa boobu, fàww ñu gëna baaxal dundin ci Khar Yalla. Ginaaw bi municipalite bu Saint-Louis deful dara, fàww nguur gi gaaw ci def dara. Ngir moytu mbir yu mel ni yi njabootu Khar Yalla dundu ñu baña am, nguur Senegaal moo wara nekk réew mi njékka defar politiku toxal buñ waajal ci réew mi, ngir aar yelleefi ñi toxal seen kër, ak yombal pexe yuy yàgg. Dafa wara ratifiye itam Déggoo bu Mbootaayu Afrik ci atum 2009 ngir Aar ak Jàppale ñi Toxal seen kër ci Afrik (Déggooob Kampala). Bu ñu jëlee matuwaay yooyu, Senegaal mën na nekk njiit ci diwaan yi ci wàllu mëna ànd ak coppite klimaa bi ak ci wàllu aar askan wi ñu toxal ci biir réew mi.

Bànk mondiaal itam war na soppali ay sàrtam. Ci wàllu SERRP ak ci yeneen projet yuñ waajal ngir wagni yaq yaq aalam bi, te mu bokk ci ba leegi, Bànk mondiaal tèral na ay sàrt ngir toxal ay mbebëtu yokkute , lu ci melni tabax ay barage ak ay tali. Waaye, sàrt yooyu wuute nañu ak anam wi ñuy waajal toxal nit ñi ndax klimaa bi. Dañu wara wecci wala yeesal sàrti Bànk Mondiaal ngir mëna dëggal ni toxal yi mu nara def ci wàllu klimaa bi, te mu koy finase ñu di koy yégal ci ceytu ak askan wiñ laal, sukkandikoo ci xayma yu mat sëkk, ba noppi lalu ci mébetu aar nit ñi, ak fexe ñu mëna wax ni ñi nekk ci toxal lu yàgg mën nañu am pexe mu yàgg.

Xew-xew yu am solo yi am ci dëkkuwaat yi ci Saint-Louis



- **Ci atum 2009.** Dëkk bu mag bi tuddu Saint-Louis laaj na ndimbal ci bitim réew ngir toxal kér yi nekk ci jafe-jafe mbënd.
- **Ci atum 2010. Khar Yalla** lañu tannuy barab bi ñuy dëkkaat kér yooyu; ONU-Habitat nanguna def liggeeyu tabax bi.
- **Ci atum 2013.** ONU-Habitat jeexal na tabax (68) juroom ñeent fukki kér ak juroom ñatt ci Khar Yalla, waaye ñi ñu faggulon tabax bi musu ñu toxu ci barab bi.
- **Ci atum 2015.** Mbënd mi am ci tefes gi yàq na lu tollu ci (33) fanweeri kér ak ñett ci de Langue de Barbarie. Ci weeu **oktoobar atum 2015**, ginaaw bi ñu nekkée ay weer ci ay tente ci tefes bi, ñi toxal seen kér (IDPs) ndax mbënd mi laaj nañu meeri bi mu jappalee leen.
- **Ci atum 016.** Mbënd mi am ci tefes gi yàq na lu tollu ci (50) juroom-fukki kér ci lakk Bararie. Ci atum 2016, meeri bu Saint-Louis dafa **toxal ñi ñu toxal ci mbënd bu atum 2015 ak 2016 ci Khar Yalla**, ci ay kér yi ONU-Habitat tabaxoon.
- **Ci Utut atum 2017.** Mbënd mi dal ci tefes gi dafa di Langue de Barbarie, toxal na (199) téeméer ak fukk ak ñeent kér; ñu bari boök nañu ci ñi dëkk ci **tente ci Khar Yalla**. **Ci diggu atum 2018:** Senegaal tâmbali na projet de récupération et résilience d'urgence Saint-Louis (SERRP), ci lebleeb Bânk Mondiaal.
- **Ci Oktoobar atum 2019.** Njabout yi mbënd mi am ci atum 2017 ak 2018 toxal seen kér, ñu ngi leen di **toxal Khar Yalla dem Djougop jaareko ci SERRP; njabout yi mbënd mi am ci atum 2015 ak 2016 toxal seen kér ñu ngi ci barab bi**.
- **Ngir atum 2026.** At mi ñu xayma ngir jeexal SERRP; Bu mbebët bi jexxe, lu tollu ci (11000) Fukki junni nit ak benn junni yu bawoo ci diwaanu Langue de Barbarie ñu ngi waaja ñakk seen kér ndax mbënd mi am ci tefes gi, ñu ngi seentu ñu **delloo leen ci Djougop**.

Tegtal

Ci Góornoman Senegaal

Ci Agence Nationale de Développement Municipale, Ministère de l'Environnement et de Développement Durable, ak Komite Nasional bu Coppite Klimaa bi, ak itam Collectivités territoriales ak Aménagement des territoires.

Ngir khar yalla

- Ci jàppante ak kilifay diwaan yi ak municipaal yi, waajal dëkkuwaat nit ñi dëkk Khar Yalla, ñi ñu toxal ci Langue de Barbarie ci atum 2015 ak 2016, ci seen xalaat bu am solo ak seen ndigal, ci Djougop wala ci beneen barab bu seen yelleef ci wàllu koom, askan, ak cosaan nekk ci anam wu méngoo ak dëkkuwaay, njàng, wérgi-yaram, ak cosaan ak aada, dina ñu ko jox cér, te dina ñu ko def.
 - Ci anam wu méngoo ak xeetu SERRP, may njabootu Khar Yalla ñu tann ndax dina ñu nangu dëkkuwaay yu bees wala ñu fay seen dëkkuwaay yu yàgg yi ci Langue de Barbarie.
 - Ndàmpaay njabootu Khar Yalla ci loraange yi ñu ñakk ci wàllu koom-koom ak lu dul koom-koom ci jiroom ñeenti at yu ñu nekkee ci dëkkuwaay yu yàgg yi, ci diir boobu ñu ñakkoon seen mbiri àdduna ci napp.
 - Fexe ba ñuy waxtaan ak jigéen ñi, mag ñi nit ñi nekk ci way-laago.
- Sudee kilifay municipaal yi defu ñu benn jéego bu am solo, dañu wara jox lu eup ci ay jumtukaay ngir sargal ak sàmm yelleefi ñi dëkk Khar Yalla balaa ñuy xaar ñu dëkkaat leen feneen, boole ci yelleefi dundu gu jaar yoon, dëkkuwaay bu jaar yoon, wérgi-yaram, ak njangle.
 - Def ay serwiis ak jumtukaay: def kuurañ ci kér yi ak gëna baaxal wàllu wérgi-yaram.
 - Fexe ba dëkkuwaay yi mëna dëkk: tabax miir ngir musal kér yi ci mbënd dex ci jamonoy taw ak loraange yi mu mëna jural wérgi-yaram, ba noppo jàppale askan wi ci waajal pexe ngir wàññi limu nit ñi di dajaloo.
 - Fexe ba kilifay komine yi jox dëkkuwaay bu wóor ñi toxal seen kér ci Khar Yalla: may nit ñi ñu defar seen kér ak barab bi war ngir saafara jafe-jafe yi, ñàkkum lëndëm ak yeneen jafe-jafe.
 - Yombalal nit ñi ñu mëna liggéey ci barab bi : may kuréel gi yor jigéen ñi ci Khar Yalla ñu mëna tabax seen santu tàggat yaram.

- Nangu ci anam wu ofisel Mbotaay yu jigéen nu Khar Yalla ni àndadoo ci liggéey bi.
- o Fexe ba nit ñi mëna am serwiis yu am solo yi : joxe dem ak dikk bu amul fay, wala, ci lëkkaloo ak Agence municipale de développement (MDA) ak sindikaa yi yor dem ak dikk, defar ay arrêt bus ci wetu Khar Yalla ak Djougop, ba noppo jàppale wala ñaax operatéri bus yi ñu yóbbu nit ñi ci ñaari barab yi dem ci diggu dëkk taax bi ak Langue de Barba. Loolu mënul ñakk ngir mëna dëggal am sañ-sañ ci serwiis yuñ gëna soxla, lu ci melni:
 - Daara yu mag yi ci seen wet ;
 - Barabi paj yi, rawatina jigeen ñu ëmb yi, xale yi, mag ñi, ak nit ñi am laago ;
 - Dundin wu am solo ci wàllu aada ; ak
 - Yeneen béréb yu am solo ngir séen àq di dox.

Ngir waajal réew mi ci toxal yiñ waajal

- Amal ak fësal ci mbooloo mi jàngat bu mat sëkk ci mbebët toxal yu njëkk yi ak yi am ci Saint-Louis, boole ci bind li ñu jàngée ci jaar-jaari waa dëkk bi jaare ko ci ceytu yu xoot ak xoolaat li projet yooyu mëna indi ci dëkkuwaay, cosaan ak aada, njàng, wérgi-yaram, ak xaalis bi nit ñi toxal di am.
- Def jàngat ci ñakk kaarange ak soxla ci yeneen askan yi ci diwaanu Langue de Barbarie ak feneen ci Senegal, yu ñu toxal seen kér wala ñu nekk ci jafe-jafe toxal ci jafe-jafe yi bawoo ci klimaa bi, ñu bàyyi seen xel ci dëkk yi xamle seen bopp ni dañu soxla toxal ci anam wu ñu waajal.
- Njëkkal dëkk yi jota toxal seen kér, lu ci melni Khar Yalla, ci dogal yiñ nara jël ci wàllu toxal.
- Defar ab politiku toxal bu jëm ci klimaa bi, ngir aar yelleefi askan wi ëlég, di jàankoonte ak yokkuteg géej gi ak yeneen jafe-jafe coppite klimaa bi, lu ci melni:
 - o Dafa sukkandiko ci njàngalem waa dëkk bi bokkoon ci mbebët yu ñu waajal woon ci toxal;
 - o Ndax dafay xoole ci aar, di njékka tann ñi jota nekk ci dëkkuwaay yu yàgg yi, moo gën ñi ñakkatul seen kér (lu melni, sàkku ñu xayma limu nit ñi ak ñu xoolaat seeni soxla ci biir dëkk bi balaa ñuy xam yaatuwaayu mbebët bi);
 - o Xalaatal toxal buñ waajal muy liggéey bu mat sëkk buy xàmmee dayo yi amul benn koom, boole ci am njàng mu baax ak faju, ak wéyal am dundin ak barab yu am solo ci wàllu aada;

- Defar ay pexe yu leer, lu ci melni siiwal sabab yi ñuy jël ci dogal yi jëm ci yaatuwaayu ñi ci wara jariño ak xibaar ci xaaj xaalis bi ;
- Laaj kilifa yi ñu tëral seeni sàrt yu tar ngir tânnee barab yiñ nara dëkkuwaat, ñu aar leen ci musiba yi bawoo ci gañcax, ñu am dundin wu gëna baax wala ñu méngoo ak ni ñu ko defee balaa ñuy toxu ;
- May askan wiñ laal ñu mëna jàppale ci liggéeyu dëkkuwaat bi ; ak
- Xoolaat bëgg-bëggü askanu nappkat yi, boole ci fexe am dem ak dijk buy wéy bis bu nekk ci diggante barab bi ñuy dëkkaat ak barab bi ñu bawoo.

Ci Jëwriñ ju njëkk ji ak Ngomblaan gi

- Matal liggéeyu ratifikaasion bu Déggoo bu UA ngir aar ak jàppale ñi ñu toxal seen kér ci Afrik (« Déggoo bu Kampala »), bi Senegal siñe ci atum 2009.
- Amal politiku réew mi buñ waajal ngir indi dëkkuwaay yu jëm ci klimaa bi, boole ko ci pexem yokkute réew mi « Pexem Senegaal » 2050 ak pexem Gis-gis fi ak atum 2050 bu Jëwrin bi ñu denk walum Kéew ; defar ay doxalin yuñ mëna jëfandikoo (SOPs) ngir mëna jëfandikoo politik bii, boole ci wareefu mbootaay gi ak doxalinu lëkkaloo gi.
- Defar ab focal point ngir waajal toxal klimaa bi, ñu jox ko sañ-sañu boole liggéey yi ci diggante ministeer yu nguur gi ak ñi ci laale ci biti.
- Boole ci bépp liggéey buñ waajal ci wàllu toxal ak klimaa bi, ak xalaati nit ñiñ beddi ci bépp liggéey bu jëm ci waajal réew mi, lu ci melni lu jëm ci mëna ànd ak çoppite klimaa bi, wàññi risk musiba yi, ak yokkute buy yàgg. Tëral sàrt yuy tëral yelleefi Dëegoob àdduna ci yelleefi koom, askan ak cosaan (ICESCR) ci yoon réew mi.

Ci Gowernoor bi ak prefet bu Saint-Louis

- Ci lëkkaloo ak kilifay munisipaal yi, ñu njékka def seetlu bu jaar yoon, ak ñi dëkk Khar Yalla ak ñi ànd ak sosiete siwil ci dogal yi li ñu wara jël èlég, lu ci melni:
 - Ndaje ak kuréeli liggéey kat yi Forum Civil bi yor ;
 - Def xayma ngir xam limu njaboot yi ak limu nit ñi mbënd yu atum 2015 ak 2016 toxal leen, ñu dëkk ci Khar Yalla; ak
 - Def jàngat bu mat sëkk ci bëgg-bëggü askanu Khar Yalla, ci wàllu yelleef yépp, lu ci melni yelleefi dundu gu jaar yoon, dëkkuwaay bu jaar yoon, njàng, wérgi-yaram, ak yelleefu bokk ci dundu aada ci lu yomb.

- Jàppale ak saytu ni kilifay komine yi di doxalee ci tegtal yiñ wax ci kaw.
- Ci lëkkaloo ak ADM ak yeneen kilifay réew mi, defar sistemu dencukaay bu wóor ngir gaal lu napp yi ak yeneen jumtukaay ci Langue de Barbarie ngir nappkat yi dëkk Khar Yalla ak Djougop di ciy jëfandikoo.

Ci nguur munisipaal bu Saint-Louis

- Yegal kilifay komine bi ni njabootu Khar Yalla yi dañuy toxal seen kér ndax mbënd mi am ci tefes gi ci atum 2015 ak 2016, ñu bâyyi leen ci limbo luy tollu ci fukki at.
- Ci lëkkaloo ak kilifa yi ci diwaan yi ak ci réew mi, jàppale kilifa yi ci komine yi ak ci diwaan yi ñu mëna jëfandikoo li ñu njékka wax ci kaw, ngir yombal ñi ñu toxal seen kér ci Khar Yalla, ñu yóbbu leen ci Djougop wala ci beneen barab.
- Liggéey ak kilifay komine yi ak kilifay diwaan yi ngir mëna jëfandikoo li ñu wax ci kaw ci diir bu gât ngir aar yelleefi askanu Khar Yalla ci diir bi ñuy waaja toxu ci Djougop wala ci beneen barab.

Ci Bànk Mondiaal

- Su ko nguuru Senegaal sàkkuwe, ñu yokk xaalis bi SERRP di joxe, wala ñu joxe xaalis bu bees, su ko jaree, ngir yombal toxal gi ñu waajal, ci anam wuy sargal yelleef, ci Djougop wala ci beneen barab bu waa Khar Yalla génnewoon ci Langue de Barbarie ci atum 2015 ak 2016.
- Laaj kilifay réew mi, diwaan yi ak municipaal yi ñu tabax arrêt bus yi, ñu jàppale dem bi ak dikk bi ci Khar Yalla ak Djougop.
- Dajale ak tasaare li ñu jàngée ci SERRP ak ci yeneen toxal yuñ waajal jém ci klimaa bi. •
- Tabax ci kaw li ñu jàngée ak njàngale yiñ téral ci Annexe 9 « Yakkuteg askan wi, dëgér, ak jël yenn dogal » ci Projet d'investissement bu Bànk Mondiaal ci wàllu dëgér ci wetu sowwu Afrik
- Kéyitu jàngat (PAD) ngir sos politik bu bees bu taxaw boppam ci jëmmal klimaa biñ waajal jëmmal wala yokk benn annexe ci politik bi fi nekk ci jëmmal jëmmal (OP 4.12, désormais ESS No. 5), biy dox ci beneen logique.
- Bii politik wala annexe bu bees bu lalu ci klimaa bi dafa wara:
 - Wane nature bu amul fenn bu waajal dëkkuwaatu bépp askan bu jém ci klimaa bi;

- Laaj réew yi bokk ci mbebët bi ñu defar ay pexe yu ñuy jëfandikoo ngir xayma kàrt ak ràññee ñi ciy am njariñ, ñu njékka tånn ñi gëna soxla aar ak pexe yuy yàgg, boole ci ñi dëkk ci jafe-jafe yu metti yu toxal seen kér ci diir bu gëna yàgg, boole ci ñi nekk ci jafe-jafe toxal seen kér ëlëg te ba tay te ñàkka gu ñu seen kér;
- Dafay boole ay pexe ngir askan yi toxal seen kér jëm ci klimaa bi — lu wuute ak seeni nguur — ñu mëna ñaan ci saasi ndimmbal ci toxal biñ waajal;
- Laajte ci réew yi am projet bi ñu amal ay ceytu yu am solo ak askan wiñ laal yépp, ñu boole ci seeni xalaat, fexe matal bépp dogal bu ñuy jël ngir mëna ànd ak jafe-jafe yi, lépp di aju ci seeni soxla.